



Cheryl Lawrence, MD, FAAP
Direktè medikal

Out 2022

Office of School Health
30-30 47th Avenue,
Long Island City, NY
11101

Chè paran oswa responsab,

Vil Nouyòk mete ajou kondisyon vaksinasyon nan lekòl pou ane lekòl 2022-2023 a. Nou mete nan lèt sa a yon lis kondisyon sa yo pou ane 2022-2023 a. Anvan ane lekòl la kòmanse, ou dwe voye prèv vaksen pou pitit ou a si li ale nan gadri oswa lekòl.

Tout elèv ki nan gadri rive 12yèm ane dwe ranpli kondisyon pou:

- Vaksen DTaP (difteri-tetanòs-kolich), polioviris, MMR (lawoujòl, malmouton-saranpyon), varisèl ak epatit B.

Timoun ki poko gen laj 5 lane ki nan gadri ak pre-kindergarten dwe ranpli tou kondisyon pou:

- Vaksen Hib (Haemophilus grip tip b) ak PCV (konjige nemokok).
- Vaksen kont grip (grip): timoun yo dwe resevwa vaksen kont grip la avan 31 desanm 2022 (pito, lè li vin disponib nan kòmansman otòn).

Timoun ki nan klas 6yèm rive 12yèm ane dwe tou ranpli kondisyon pou:

- Vaksen ranfòsman Tdap (tetanòs-difteri-kolich) ak vaksen MenACWY (konjige menengokòk).

Tanpri gade istwa vaksinasyon pitit ou a pran yo avèk founisè swen sante pitit ou a. Founisè swen sante yo ka di w si yo egzijè lòt dòz anplis youn oswa plizyè vaksen pou li ka ale oswa rete nan gadri oswa lekòl. **Tanpri sonje:** Si pitit ou a te resevwa dòz vaksen yo AVAN laj minimòm lan (twò bonè), dòz sa yo PA konte nan kantite dòz li bezwen an.

Si w gen kesyon sou kondisyon 2022-2023 sa yo, tanpri kontakte sant gadri w la oswa direksyon lekòl ou a.

Avèk senserite,

Cheryl Lawrence, Direktè
medikal MD, FAAP
Biwo sante lekòl

Èske pitit ou pare pou ale nan gadri oswa lekòl ?

Ane lekòl 2022-2023

Jwenn enfòmasyon konsènan vaksen ki obligatwa nan Vil Nouyòk

Tout elèv Laj 2 mwa jiska 18 ane nan Vil Nouyòk dwe pran vaksen sa yo pou ale nan gadri oswa lekòl Gade bezwen vaksen pitit ou a dapre nivo klas li ane lekòl sa a. Kantite dòz vaksen pitit ou a bezwen ka varye dapre laj li ak dòz vaksen li te pran avan. Pitit ou a ka bezwen lòt vaksen oswa lòt dòz vaksen si li gen kèk pwoblèm sante oswa si yo te bay dòz avan yo twò bonè tou.

VAKSEN	GADRI, HEAD START, PEPINYÈ, 3K OSWA PRE-KINDERGARTEN	KINDERGARTEN rive Klas 5yèm ane	KLAS 6 - 11	KLAS 12YÈM ANE
Difteri, tetanòs ak koklich (DTaP)	4 dòz	5 dòz oswa 4 dòz SÈLMAN si yo te resevwa 4yèm dòz lan alaj katran oswa pi gran oswa 3 dòz SÈLMAN si timoun lan gen 7 ane oswa pi gran epi yo te kòmanse seri yo yon nan laj yon lane oswa pi gran	3 dòz	
Tetanòs, difteri ak ranfòsman pou Koklich (Tdap)			1 dòz (nan laj 11 zan oswa apre)	
Polyo (IPV oswa OPV)	3 dòz	4 dòz oswa 3 dòz si yo te resevwa twazyèm dòz lan nan laj 4 ane oswa pi gran		
Lawoujòl, Malmouton ak saranpyon (MMR)	1 dòz	2 dòz		
Epatit B	3 dòz	3 dòz	3 dòz oswa 2 dòz vaksen kont epatit B pou adilt (Recombivax HB®) si dòz yo genyen omwen 4 mwa ki separe yo ant laj 11 jiska 15 ane	
Varisèl (chickenpox)	1 dòz	2 dòz		
Meningococcal conjugate (MenACWY)			Klas 6yèm ane: Pa aplikab Klas 7-11yèm ane: 1 dòz	Klas 12yèm ane: 2 dòz oswa 1 dòz si yo te resevwa premye dòz lan nan laj 16 zan oswa pi gran
<i>Haemophilus influenzae</i> type b conjugate (Hib)	1 a 4 dòz Dapre laj timoun lan ak dòz vaksen an li te pran anvan			
Pneumococcal conjugate (PCV)	1 a 4 dòz Dapre laj timoun lan ak dòz vaksen an li te pran anvan			
Influenza	1 dòz			

Pale avèk founisè swen sante w si w gen kesyon.

Pou plis enfòmasyon rele **311** oswa vizite [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche pou **vaksen elèv (student vaccines)**.



Department of Health
& Mental Hygiene

Department of
Education